
# Tànk-ndànk

WOLOF

CE1

Jéego
6

Téere
3




République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

Vente interdite

République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Wolof

# Tànk-ndànk

## Jéego 6 Téere 3

Édition 2019
Réimpression 2020

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# Li téere bi ëmb

Bukki ak Lëg .......... 4

Rëbbkat, Lëg ak Jasig .......... 15

Ñaari dëkk yu seexoo .......... 27

Yarub maam .......... 39

# Bukki ak Lëg



Lëg mala wu **yeewu** la te bari pexe. Waaye léeg-léeg, xelam nax ko. Benn bis dafa dem ca toolu ñebbe Baay Móodu di sàcc. Ba ñu ko jàppee, dañu yeew tànk ya, takk ko ci benn **bànqaas**, bopp ba féete suuf. Ca la tàbbi ca **ndëgg-sërëx** goo xam ne xamul nu mu ciy génne. Ca noona, Bukki egsi fekk ko ca woowa melokaan, ni ko : « Ah ! sama waay ji, tey sa caay-caay gi réer na la. Tey, loo ma mës a def ci lu metti dinaa ko feyu. » Lëg tiit lool tàmbalee lal ay pexe.



Ci **melokaan** wii la ko fekk : dafa banku ba mel ni Siñeel, lem nopp ya ca kaw yaramam, boole ci di lox. Ndeysaan, mu mel ni du Lëg mi ñu xame woon yeewu ak **naw boppam**. Yërëmtalu woon na lool.

Ca noona, mu daldi **sàkku** ci Bukki mu **wallu** ko, ci ay kàddu yu daw yaram : « Aah ! Bukki sama wóllare wu baax wi, wu bari yërmande , xam naa ne doo ma topp ci samay tooñ.

- Jéggal laa dégg ? Waajal, àllaaxira nga jëm.
- Sama waay ji, yërëm ma ; kon tee nga maa bañ a teg li ma gën a ragal.
- Loo gën a ragal ? Poson, safara, walla lab ?
- Rikk waay, bul ma tàbbal ci ñax mu sëq ; loolu moo rayoon sama maam.



- Aah ! kon loolu ngeen di bañ ? Waaw góor ba nga ma ko xamale.

- Sama wóllare, jéggal ma, xam naa ne ku baax nga.

- Jàppal ne li nga ragal lool ba noppi xamal ma ko, ci laa lay mbugale nag. »

Lëg jooy ba sonn, sukk sàkku ndimbal ba sonn, terewul Bukki daldi koy boot yóbbu ko fa ñax ma gën a baree.

Naka la Bukki egsi rekk, daldi ko ne : « Fii moom dina baax, wàccal gaaw.

- Bii béreb **raglu** na lool, fan la sa yërmande nekk ? Bul ma def lii, bul ma sànni ci béreb bu lëndëm bii. Gis ko rekk jural na ma yaram wuy metti.

- Fàww ma jëmale la fi ngay bañ a jublu. »




Ci noonu, Bukki yóotu noppu Lëg yu gudd ya, daldi koy **xalab** fa ñax ma gën a lëndëme. Ngir **fësal** mbégteem, Bukki toftal ci ay ree, yaakaar ne **moo rey gaynde gi.**

Ba Lëg nee cëpp, la xam ne raw na ; ci la ne gees Bukki, ne ko : « Jërëjëf ! » Mu daldi ree. Naka noonu, mu firi nopp ya, yëngal geen ga, tàmbalee ree ak a feeñ ca biir ñax ma. Bukki xam ne Lëg naxati na ko. Mu màtt baaraamam **wiccax**, tàmbalee xalaat nu muy def ba jotaat ci Lëg. Ca la delloo ca boroom tool ba, Baay Móodu, ngir xamal ko ne saay-saay bi rëccati na.

Baay Móodu ne ko : « Waaw leegi, lu ciy pexe ? »

Bukki ne ko : « Xanaa, wëri ko rekk. »



Baay Móodu yéemu, ne Bukki : « Kañ ngay yeewu ci Lëg ? Naka la def ba rëcc ? »

Bukki ne ko : « Ci xelam mu ñaw mi la jar ba rëcc. »

Baay Móodu tontu, ne : « Loo bëgg a wax foofu ? Nu mu deme ca dëgg-dëgg ? »

Bukki ne ko : « Moom daal, yërëmtalu na ngir ma bàyyi ko. Dafa ma gëmloo ne moom àll bu bari ñax te lëndëm rekk la ragal. Man itam, ngir **feyu**, ma sànni ko fi mu wax ne fa la ragal. Ndekete yoo, ay ñax doŋŋ la, nii daal la rëcce. Yemu ca, ndax dafa caa boole itam di ma ñaawal soog a dem.

Baay Móodu àddu ne : « **Kawtéef !** Moo Bukki, loolu nu mu la mën a dale ? Yaw daal, ba leegi yeewuwuloo ci caay-caayu Lëg googu. Li mu bëgg, loolu la lay gëmloo ne moom la ragal.



**Béy wéy na mbuus,** leegi nanu def ay pexe ba jàppaat ko. Naam du yomb, waaye sunu **sottantee xalaat**, yaakaar naa ne dinanu ko teg loxo. »

Ci la Baay Móodu woowe njabootam, góor ak jigeen, ñu ànd ak Bukki dem wëri Lëg. Bukki moo jiitu ngir yóbbu leen fa mu ko sànni woon. Ba ñu eggee ca **béreb** ba, séenuñu sax luy niroo ak Lëg. Terewul ñu **tasaaroo** ci àll bi, ku nekk am fu mu jublu. Ñu yendoo wër ba ngoon jot, gisuñu dara.

Ca ëllëg sa, Yaay Faatu, soxnas Baay Móodu, daje ak Golo, laaj ko ndax gisul Lëg. Mu xamal ko ne Lëg soriwul, nuyu na ko lu yàggul dara.



Ci noonu, Yaay Faatu woo ñeneen ñi, ngir ñu **jublu** fi leen Golo joxoñ. Bi ñu doxee tuuti, ñu dégg luy yëngu, ñu foog ne moom la ndekete **Cokkeer** la. Ci kanam tuuti, Bukki daldi yuuxu : « Lëg ! Lëg ! Foo nekk ? »

Baay Móodu ne ko : « Naka ngay wëre saay-saay bu mel ni Lëg di ko woo ? Lii moo tax du jóg ci di la nax.

- Wallaay du loolu sax, **bëgg** ñu jàpp ko doŋŋ a ko waral. »

Lëg mi leen soriwul, ne nemm fa mu làqu, di leen gis. Ñu wëndeelu ci àll bi ba sonn gisuñu dara. Boole nañu coono, xiif, mar ak naqar. Ana lu gën a metti lii ?



Baay Móodu mere Bukki, di ko **tëkku** ngir càgganteem. Mu ne ko : « May naa la ñaari fan, boo ko jàppul indi ko fii, dinaa la teg daan yi ma ko naroon a teg. »

Bukki **jaaxle** lool, nekk ci fitna bu rëy ndax melokaan wa mu fekkoon Lëg ca garab ga. Ci la daw jëm ca **dex** ga, fas yéene fa yendu ndax Lëg fekk ko fa. Yaakaar na ni, fu Lëg mën a nekk, dina naansi balaa jant a so.

Fa la yendu, boole jaaxle, xiif, coono ak **gàcce**. Ba muy laata ñibbi, la séen Lëg mu taxawe nale, jàkkaarloo ak moom. Bi mu dawee wuti ko, Lëg ne waat mes ci biir gott bi. Bukki yenu loxo ya, yoor bopp ba ndax jaaxle.



Ci la jooy, xel ma dem ca la koy xaar te lépp di jëfi ngudd-nopp gi. Ba àpp ba jotee, ca la Bukki dellu ca Baay Móodu ngir **jébbal** ko boppam. Bi mu egsee lii la wax : « Baay Móodu, ca dëgg-dëgg, indiwuma Lëg ; Leegi lu la neex def ma. »

Baay Móodu wéet ak njambootam laaj leen kenn ku nekk lu mu xalaat ci mbir mi. Ñii ne ñu génne ko dëkk bi, ñii ne ñu alamaan ko. Kenn ci ñoom ne : « Nanu ko baal ndax bàyyiwul Lëg **ci cobareem** te itam lekkul ñebbe ji. » Ndegam ñi ëpp nee nañu ñu génne ko dëkk bi, Baay Móodu ne ñu génne ko dëkk bi. Ci noonu, mu woolu Bukki. Ci lañu séen Bukki, muy **kayaŋ-kayaŋi** di ñëw.



Bi Bukki egsee, **yërëmtalu,** ki ne woon ñu baal ko tuur na sax ay rangooñ.

Laata Baay Móodu di wax daan yi, ci la Lëg egsi. Kenn indiwu ko moo ñëw ci coobareem. Ginnaaw bi mu **waxtaanee ak njegenaayam,** lii la wax Baay Móodu : « Moom mii di Bukki, deful dara lépp man la. Dafa fekk ni, ay xel dañuy **sutante**. Moo tax, fu ma ko fekk defloo ko **njombe.** »

Ci kaw seenug dëggu, Baay Móodu baal leen ñoom ñaar ñépp. Lëg ak Bukki àndaat di wéy. Ñaar ñii, duñu ànd te duñu tàggoo.

# Laaj yi

1 Kan moo waxoon ñu baal Bukki ?

2 Ndax Bukki mujj na jàpp Lëg indil ko Baay Móodu ?


3 Ndax Baay Móodu moo tànn daan yi ñu war a teg Lëg ?

4 Noo gise nekkinu ñaar ñii di Bukki ak Lëg ?


# Rëbbkat, Lëg ak Jasig



# Rëbbkat, Lëg ak Jasig




Benn bés la woon, Jasig ak i doomam xiif lool. Toog nañu ay ayu-bés lekkuñu dara. Mu jël dogal ne day génn dex gi ngir wuti lu mu lekk moom ak doomam yi. Ca jamano jooja méngoo ak noor, dex ga wàcc na ba ndox ma mujj leen a sori. Ñu ngay ŋaaŋ ak a ŋeb, di yëy seen bëñ yu ñaw ya ndax xiif bu tar. Ca xiif bu metti ba ñuy **jànkoonteel**, aw mar dolleeku na ca ba seen ginnaaw ya wow koŋŋ. Ndeysaan, seen xar-kanam ya wone na aw tiis ak ag jaaxle. Njabootam gaa ngay jooy, te amul menn pexe. Loolu tax na mu fàtte boppam. Li ko **yitteel** mooy fu muy jaar ba am ab dund.



Ca noona, ab **rëbbkat** egsi ne ko : « Waaw Jasig, naka nga def ba sori sa **dëkkuwaay** ba nii ?

Ca la ko tontoo ne : « Dama doon doxantu ak sama xale yi. Ci noonu, la ndox mi daw ndax noor bi ñu nekk. Leegi nag, maa ngi jànkoonte ak xiif bu tar man ak samay doom. **Li wér te wóor mooy** sonn nanu lool te lott naa ci wut pexe. Ca dëgg-dëgg, boo nu ci mënoon a dimbale nu jël. Noo bokk àll bi te xam naa ne ku **laabiir** nga. Ca jamanoy maam ak maamaati-maam, mësuloo fekke lu ñaaw. Te itam, ci yax bu rëy nga bokk. Kon defal sa mënin ndax luy jot, jot na gannaaw loru. »



Ca la rëbbkat ba tege ay **ngànnaayam**. Donte xam na ne Jasig ku goreedi la, taxaw na ngir dimbali ko. Jasig moom, ma ngay wéy di saraxu ak a sàkku ndimbal ci rëbbkat bi. Rëbbkat ba nangu na koo dimbali ci kaw su juram gi ak xaleem yi naansee mu may leen jàmm. Jasig waatal ko ci bakkanu njabootam ne dootul teg fitna juram gi ak xaleem yi. Dolli ci ne ko, bumu ci am benn xel-ñaar.

Rëbbkat dellu ne ko : « Jasig, sa ngoreedi **umpul kenn**, waaye fexeel ba sàmm say kàddu. Lii nga wax daal, na nekk looy jëfe ba ëllëg doo ma gis di sëgg.»

Jasig dellu yeesal ngiñam. Waat na ci **digganteem ak tëraayu bàmmeelam** ne li mu wax dina ko def. Rëbbkat bi doyloo li mu dégg.



Naka noonu, Rëbbkat daldi fàggu ay jumtukaay. Ci la **fàggu xànci** guy, ràbb ci ag buum, fas-yéene delloo Jasig ak njabootam ga ca dex ga. Ba mu noppee, dafa tegle doomi Jasig ya ca kawam, takk leen ba ñu def wenn **say**. Ca la leen yenoo jëm ak ñoom ca dex ga. Ndaw yen bu diis, njaboot gépp ci kaw boppu benn nit.

Ca yoon wa, Rëbbkat a ngay woyantu naan : « Ndax Yàlla sama njaboot mucc ci Jasig. Dootuñu ragal dara su ñuy sangu walla ñuy naan ca dex ga. Ci la doxe tànk yu dëgër jëm ca dex ga. Jasig jaa nga naan ca xel ma : « Xiif ak njàqare jeex nañu, tey la lépp di leer. » Li Rëbbkat di dem lépp, Jasig a ngi làmb doom ya ba xam ndax kenn waddul.



Naka la Rëbbkat egsi ci dex gi rekk, ndox mi yem ko ci **jumbax.** Waaye Jasig ñaan ko mu gën a dugg. Ba ndox mi eggee ci **mbaggam**, mu daldi ko ne fii baax na. Ca la ko Rëbbkat wàccee moom ak njabootam. Naka la leen yewwi rekk, ñu tàmbali koo **wër-ndombo** ak a caw i geen. Woraange bëgg a dugg, Jasig a ngi tàmbalee jàmbu, wax lu dul dëgg. Ca la ko Rëbbkat laaje lu xew ak lu mu nar. Jasig jege Rëbbkat déey ko : « Déglu ma bu baax, sama waa ji, rëy nga, duuf nga. Xam nga li ma bëgg a wax. Sunu xiif bu metti bii, mënunu la bàyyi nga deme noonu. »




Jasig tàmbalee bombalante ay **ŋaam**, ak a siiñ bëñam yu ñaw ya. Li mu nar mooy, lekk Rëbbkat, moom ak ay doomam, gannaaw ba mu leen génnee ci **guuta**. Ci la Rëbbkat xame ne, Jasig taxaw na ci wor ko. Mu ne ko : « Man ak yéen ci suba ba leegi, nammu leen ci man lu dul fajee ma seen xiif, yéen ay workat ngeen. Lenn de xam naa ko, kuy wër ku goreedi ba daje ak Jasig, jàppal. Waaye nag, **ëllëg du añ, du reer waaye lu mat a sédd la.** » Noona, kersa daldi jàpp Jasig. Ca la xamale Rëbbkat ne duñu ko lekk lu dul ne dañoo am ku leen àtte. Ñii, ndax àtte leen dina yomb ? Xanaa nu xaar ba xam **nu wànnent di mujje ak i bëtam.**



Bi ñuy daaneel rekk, Fas daldi egsi ak **ràggaay** ba ndax xiif. Kon mooy àttekat bu jëkk bi. Jasig ne ko : « Balaa ngay naan, àtteel li nga fi fekk. » Bi mu ko nettalee ni mbir mi deme, Fas ne ko : « Ànd naa ci li ngeen bëgg a def. Moom mii de, ku ñàkk **yërmande** la ci jur gi, rawatina ci nun. Gis nga nii ma mel ? » Ngir dëgëral fi mu jàpp, Jasig ne ñu xaar beneen àttekat. Xelu Rëbbkat xaw a dal.

Naka lañu daaneel, Mbaam daldi egsi ak jeexaayam, yaram wa am ay **gaañ-gaañ**. Bi ñu ko xamalee mbir mi, la ne Jasig : « Lu ngeen di xaar ci lekk kii ? Ku bon a ngi nii, ku amul benn toppatoo ci jur gi, xanaa di sëf lu diis ak a dóor. »



Bi Mbaam di daaneel rekk, la **Njombor Seen** di egsi ak noppam yu gudd ak geenam gu gàtt. Noonu, Jasig daldi ko yegge coow li ngir mu joxe àtteem. Ci la laaje Jasig nu Rëbbkat def ba indi ko fii moom, doomam yi ak **seen diisaay**. Jasig ne ko : « Dafa maa **bootal** sama doom yi, takk nu ba mu dëgër, mu yenu nu. Ca dëgg-dëgg, noonu la xuusee ak nun ba fii. » Lëg ne ko : « Yaw ak sa njaboot gépp la buubandoo, loolu nu mu mën a nekke ?

- Sàllaaw de, daj na dëgg laata mu nuy indi fii.

- Bala maa mën a àtte, fàww ngeen jaar fa ngeen jaaroon. »

Ca noona la Rëbbkat takkaat ñoom Jasig, yenu leen, deloo leen fa mu leen jële woon. Mu mel ni Rëbbkat a ngi tàmbalee mucc ci pexeem Jasig. Nu topp mbir mi ba xam fu muy mujj.



Naka la leen delloo foofu, Lëg ne ko : « Ku baax, loo wax ci **ndawal** lu bari lii ? » Rëbbkat bi ne Lëg : « Sa wax jii de xanaa mooy pexe jeex na. Ginnaaw li ma ko defal lépp, **yéeneem** mooy mu lekk ma, waaye yéene néeg la boroom a cay fanaan. » Noona, Rëbbkat yeenuwaat Jasig ak doom ya, ànd ak Lëg, jëm seen dëkk. Naka lañu egsi ca pénc ma, am ku ne Rëbbkat : « Musiba tàbbi na ci sa njaboot. »

Rëbbkat ne ko : « Gaawe ma, lu xew sama kër ?

- Sa doom ju jigeen ji moo feebar. Feebar bu **yéeme** ndaxte nee nañu kawaru Lëg kepp moo ko mën a saafara.

- Aah, xana nu sant Yàlla mi ma boole ak Lëg mii. »

Rëbbkat daldi digle ñu yewwi xaj yi ngir ñu **toŋal** Lëg.



Naka la Lëg xame ne Rëbbkat ci ay tànkam la jëm, ci la defaraat **taxawaayam.** Mu ne waayam ja : « Nii daal nga ma nar a delloo njukkal. Ndaxam dey, su dul woon man mii, tay nga fanaani ci biiru jasig ya. »

Ca noona, laata xaj yi di ñëw, Lëg fàq na ne mes ci biir àll bi. Foofa la xamale mbokki rabam ya ne lu Jasig di bon bon, Rëbbkat bee ko **yées.** Mu mel ni Rëbbkat fayul naar ba xoromam. Bés booba la njomboor dakkal ndimbalam ci nit. Yemu ca waaye artu na mbokkam yépp ñu teey ci seen diggante ak nit ñi. Doomu Rëbbkat ju jigeen noona itam la fa jaare **ñàkk bakkanam.**

# Laaj yi

1 Kan moo jëkk a àtte diggante Rëbbkat ak Jasig ?

2 Man pexe la Lëg lal ba musal Rëbbkat ci Jasig ?

3 Ñaata àttekat la Jasig déglu ?

4 Lan njàngat nga def ci xew-xew bii ?

# Ñaari dëkk yu seexoo



# Ñaari dëkk yu seexoo



Góorgi Saar kilifa gu mag la, dëkkoon ci dëkku cosaan bu siiw, bu tuddoon Mbëri, féete ci goxu Bawol. Yàlla mayoon ko tur, suuf su yaatu, jur gu bari ak njaboot. Soxnaam su ñuy woowe Diboor nekkoon ku yiiw, ku xam teraanga te farlu. Bi ñu séyee at yu néew, Yàlla may leen ay seex: Aadama ak Awa, di góor ak jigeen. Seen waajur yar leen ci dëggu, jom ak ngor. Masuñoo féewaloo, ñépp xam leen ci fonk kilifa, ba ni Aadama nekkee waxambaane, Awa doon njagamaar. Benn bés, seen i waajur wax leen ne : « Déggooleen, bennooleen, deeleen diisoo te bu leen réeroo mukk. »

Yàggul dara, Awa di waaj a séyi Ndéem, dëkk bu mag nekk ci sowub Mbëri. Bésu muur bi, ay mbokkam di ko ñaax naa ko : « Bul génn te tàggoowoo te bul xuloo ak say goro. » Ilimaanu dëkk bi jóg tiim ko di ko ñaanal. Bàjjanam di taggaate, sarxolle yi xumb lool. Aadama wéet lool, fu mu tollu di xalaat waaye léeg-léeg mu dem seeti ko ñu diisoo, nammantiku.



At yu bari jàll na, Aadama jaboot lool ba noppi boole ci am ay seex. Awa it njabootam màgg nañu. Seen ñaari njaboot yi di nemmeekoonte, di demalante ak a dimbalante. Ñaari dëkk yi, ñépp xam nañu jaxasoo gi am seen diggante ba ku ne di leen roy.

Balaa seen waajur yi di làqu, ñu dajale njaboot gépp mag ak ndaw, góor ak jigeen.

Góorgi jël kàddu ne leen : « Saxleen ci bokkoo, fexeleen am bés bu ngeen di daje. » Seen maam Diboor fàttali leen njariñu mbokk teg ca dénk leen kàddu yii : « Buleen yàq seen alal, bu leen xeebante. »

Weer ci kanam, Maam Góorgi faatu, dëkk bi fees dell ak ay gan, mbokk yépp teew, ku ne di seede lu baax ci moom. Ñii di wax jikkoom, ñii ag njàmbaaram, ñee seen kóllare ak moom.

Bésu sarax bi, njabootu Awa ak waa Ndéem yépp ànd ñëw Mbëri. Askanu Ndéem seetlu ne Aadama ak Awa ni ñu seexoo, la seen njaboot seexoo. Ñoom ñépp bokk wax ne : « Kon kay nanu seexale ñaari dëkk yi. »



Kilifa yi nekkoon ci jotaay bi wax ne dëkk bu ne nañu amal am ndaje. Ca ëllëg sa, boroom dëkk ba woo kureelu ndaw ñi, mbootaayu jigeen ñi ak daayira ya ca pénc ma. Bi mu jëlee kàddu, mu tàmbalee leeral seexoo bi ñu amal seen diggante ak waa Ndéem. Ndaw ñi feeñal seen mbégte, ànd taxaw temm ci loolu. Waaye Faatu ak Demba samp ab laaj jëme ko ci njariñu seexoo bi. Abdu, imaam bi, ne ko seexoo mooy **lëkkaloo** di amal ay **yëngatu**. Astu mi jiite jigeen ñi yokk ca ne loolu day gën a dooleel jigeen ñi. Paate silmaxa bi ak Ayda miy soox ne seexoo gi mën naa jur booloo ak way-laago yi.
Ca **cëppaandaw** ga, ñépp nangu, ku nekk ne **sóobu** na ci seexoo bi. Boroom dëkk bi ñaax askan wi wax ne : « Xeet yépp, diine yépp, tarixa yépp, mag ak ndaw, góor ak jigeen ñépp a bokk. » Mu sant mbooloo mi, gërëm leen, ku ne ñaan ci diineem. Ñu daldi tëj ndaje mi.



Bi nga xamee ne jël nañu dogal bi, boroom dëkk bi xëy woo njiitu kureel gu ne.
Ñu waaj, takk sareet yi, wuti Ndéem. Ci yoon wi, fu ñu romb, ñuy rafetlu xalaat bi. Bi ñu yeggee, fekk waa dëkk bi yépp, góor, jigeen, mag ak ndaw dajaloo di leen xaar.
Bi saafoonte bi jeexee, Yaay Awa, boroom dëkk bi, dalal gan ñi, fàttali déggoo gi dox diggante ñaari dëkk yi.
Baay Musaa, boroom dëkku Mbëri daldi nuyoo, jottali cant ga waa dëkkam. Mu ne leen, sunu jéego yi, li ko waral mooy bëgg nu sumb seexoo gi nu doon waxtaane.
Yaay Awa, boroom dëkku Ndéem tontu leen ne ci waxtaan woowu ngeen nu fekk. Mu yokk ci ne : « Daayira yi, mbootaayu jigeen ñi ak ndaw ñi ak way-laago yépp a nangu. » Digal na leen ne : « Nanu farlu, takku te taxaw, bañ a boddi kenn, bañ a xeeb kenn, bañ a ginnaawal kenn. » Mbooloo ma jàpp gaawu bii di ñëw ngir jëmmal seexoo bi.
Imaam def ñaan ñu yékkati jotaay ba.



Ñaari dëkk yi déggoo nañu ci bés bi ñuy amal xew-xew bi. Bés bu mag lay doon ndax dëkk yu mag te am cosaan ñoo ko séq. Ñépp a ngi koy waajal ndax diiru ñetti fan lay am. Dëkk bu ne joxe na koppar yu bari ngir ñu toppatoo lekk yi ak naan yi. Ndaw ñi war nañu wut ay siis, ay baas, ay sabar, ay rajo ak lépp lu aju ci bés bi. Ñaari boroom dëkk yi, Yaay Awa ak Baay Demba përye nañu yeneen boroom dëkk yi ak taskati xibaar yi. Ndawu nguur gi ak boroom daraja yi ak meeru gox bi ñépp a war a teew. Jigeen ñi jënd nañu ay piis yu niroo ba ñawlu, def seen létti aada ak seen i takkaay. Ndaw ñi ñoom itam wut seen i niroole, di **tàggatu** ci bëre, ci kuppe, ci fecc ak woy.

Ñaari dëkk yi tànn ay mag, ay ndaw, ay góor, ay jigeen ak ay way-laago ngir ñu taxawu bés bi. Yëgle nañu ko ci luuma yi ak rajoy gox bi. Kilifa yi dénk nañu ñépp ne : « Nangeen ànd ak yar ak teggin tey muña-lante, te yaatal gan ñi. »



Gaawu tey bii ci la ñuy amal bés bu rëy bi ñu doon xaar. Suba teel, waa Mbëri war a dalal xew-xew bu jëkk bi, baas nañu, raŋale siis yi ci pénc ma. Kureel giy taxawu bés bi, rey nañu nag yi ; saaku ceeb yi ak ndugg mi, lépp a ngi tege. Sabar yaa ngi sàjj, rajo yi di teg ay woy, nit ñi tàmbalee génn.

Waa Ndéem takk nañu sareet yi, jigeen ñi ak góor ñi, ku ne sañse. Kumba sol na robbam jël ay beekeem, Sàmba sol xaftaanam doom ji di ko wommat.

Yaay Awa ñaaxaat leen ci kàddu yii : « Nangeen ànd ak yar ak dal, te yaatal xol yi. »

Mu teg ci ne : « Bu kenn xuloo, bu kenn ŋaayoo walla di sooke coow. »

Ñépp yéeg nañu ci sareet yi, Yaay Awa dugg ci daamaram ànd ak boroom këram, Kumba ak Sàmba. Mu jiitu wuti Mbëri, sareet yépp raŋ topp ci moom.

Sabar yaa ngi tëgg, yoon wi xumb lool, pënd bi di jolli. Dëkk bu ñu romb, ñépp génn di leen **sargal**.



Bi fukki waxtu di jot, la waa Ndéem egsi ci pénc mi. Oto Yaay Awa bi di korne ca kaw, ñi ci sareet yi di sarxolle. Géwel bi wax ci rajo bi ca kaw : « Waa Ndéem ñëw nañu, na xumb. » Sabar yi jolli, fecckat yi mel ni ñu **ràkkaaju**, ñépp di tàccu. Jamano jooju, kilifa yi jóg teeru leen, saafoonte ak ñoom, daldi leen dalal.

Yaay Awa ak Baay Demba jàppoo ay loxo di wër làng gi ngir **dëggal** seexoo gi. Géwel yi di leen tagg, mbooloo mépp di tàccu ak a fecc. Bi ñu noppee ba toog diir bu gàtt, ndawal nguur gi, Kinne egsi. Takk-der yu góor yi ak yu jigeen yi dar ko.

Ñaari boroom dëkk yi ak meer bi gatandu ko ; saafoonte ak moom. Naka ñu duggsi rekk, ñépp jóg taxaw ; mu yékkati loxoom nuyu leen daldi toog. Géwel bi wax ci rajo bi : « Na ñépp toog te déglu nu tàmbali waxtaan wi. »



Ñépp dellu seen palaas, lépp ne xeram. Géwel bi jël kàddu wax ne : « Maa ngi leen di ñaan ngeen déglu te teewlu, bu kenn ruube waxtaan wi. » Mu leeral tëralinu bésu tey bi. Ne leen ginnaaw bu Imaam ñaanee, Demba, Ayda, benn ndawu Ndéem, Awa, Meeru gox bi ak ndawal nguur gi ñooy jël kàddu. Diggante kàddu yu ne, dina am ay xumbaay : sabar, woy ak wone cosaan.

Bi mu noppee, Imaan ne na ku ne ñaan ci diineem, daldi ñaanal mbooloo mi.

Baay Demba nuyoo, dalal gan ñi, wax mbégteem ci seexoo bi ak njariñ li ci nekk. Bi muy jeexal, mu sant waa Ndéem ak kilifa yépp.

Bi kàddoom daanoo rekk, sabar yi sàjj, seereer yi wone seen cosaan. Pël yi duggsi ak seen i riiti, soose yi fëll ak seen i koora, yuux yi jolli. Jekki-jekki rekk, Faatu, way-laago bu Mbëri bi xaacu di woy ak baat bu neex bi. Ñépp jóg feelu ko.



Mbooleem ñi war a jël kàddu ñépp wax nañu njariñu seexoo bi. Ndawal askan wi wax mbégteem ci xew-xew bi, ñaax leen, ni dina leen jàppale. Ndawal nguur gi ndokkeel ñaari dëkk yi dolli ca ne : « Lii ñépp a ko war a roy. »

Ci kanamu ndawal nguur gi, ñaari boroom dëkk yi fësal seexoo bi. Ñu joqlante ay teraanga. Waa Ndéem jox waa Mbëri ag leget gu rafet buy misaal jàmm ak xéewal. Waa Mbëri jox waa Ndéem sëru rabal buy wone jàmm ak yokkute. Mbooloo mi mépp di tàccu ak a sarxolle. Foofu la kureelu ndawi ñaari dëkk yi sóoboo ci biir géew bi def tiyaatar ngir jëmmal seexoo bi.

Ñu tàmbaliwaat xumbeel yi : waykat yi, taaxuraankat yi, riitikat yi, fecc-kat yi di aylantoo géew bi. Bi ñetti waxtu ci ngoon di jot, ñu séddale añ yi ak la cay topp. Ñu añ ba suur ku nekk ñibbi te yàkkamti yeneen yëngatu.



Mbooloo mi dajewaat nañu ci dibeer ji ngir seetaan làmb ju mag. Taqantaan, mbëru Ndéem ak Simpi, mbëru Mbëri ñooy mujjee bëre. Ba laa ñeenti waxtu, areenu Mbëri bi fees dell ak ay seetaankat. Ñi far ak Taqantaan sol ay yére yu am fotoom, ñi ànd ak Simpi naka noonu.

Ab diir, Simpi daldi fëll, ndënd yi sàjj, yuuxu yi jolli muy cëpp-cëppi, suq yi dar ko. Mu ngi takk ngembam ak jóoru ndombo, sol sëru rabal, tàllal seŋooram, ñu koy sotti am soow. Mu wër géew bi di fecc, ñëw ci géwel bi, tuus, bàkku daldi dem ca cummikaayam.

Taqantaan jekki-jekki ne tëll, sànni loxo yi, sabar yi jiin ko mu sàllarñiku, suq yu jigeen feelu ko. Mu tuus, bàkku tàmbalee def ay déebaadéebam. Bi mbër yu ndaw yu góor yi joŋantee ba noppi, yu jigeen yi jël ñoom itam. Bi timis di jubsi, ki yor àtte bi, daldi mbiib, mbër yi songoo, Taqantaan riñaan ko, sempi, caxabal, fët ko ci suuf. Foo tollu di dégg yuux yi di jolli.

# Laaj yi

1 Bi Awa séyee Ndéem, naka la Aadama def ?

2 Nan la ñaari dëkk yi def ba amal seexoo bi ?

3 Lan moo lëkkale ñaari dëkk yi ba tax seen seexoo yomb ?

4 Lan njàngat ngeen am ci seexoo ñaari dëkk yi ?

# Yarub maam



# Yarub maam



Baay Musaa Juuf kilifa gu mag la, dëkkoon Sàndeem ca Siin. Amoon na ñeenti soxna ak njaboot gu góor ak gu jigeen. Njole moo nekkoon ñaareelu soxnaam. Séy nañu fukki at ak juroom amuñu takkandeer. Jàmbaar la woon lool ndax fonk sëriñam ak farlu ci liggeeyu kër gi ak tool yi. Waa dëkk bi di ko waxtaane lu bari ndax mbiram dafa leen jaaxal. Dafa doon wër di ñaanlu, Baay Musaa it daan na ko jox ay saafara.



Fekkoon na mu séy ak ñaari góor, waaye amu ci benn doom. Wujjam yi di ko jëw ak a léebu naan dafa aay-gaaf. Bu ko defee mu dugg néegam jooy ba simboo ay rongooñam. Sëriñ Musaa naan ko : « Muñal, ku muñ muuñ. »

Benn bés, Njole nelaw ba yàndoor, genn kàddu gu kawe di baamu aw turam. Naan ko : « Dinga am doom ju góor, ju gudd fan te bàrkeel. » Mu tiit ne bëret gisul dara, nelawaatul ba bët set. Mu xëy nettali ko Baay Musaa, mu ne ko : « Rafetal njort. » Amul sax at, Njole wësin doom ju góor. Bi xibaar bi tasee ci dëkk bi, kër gi fees dell ak ay nit. Màggati seereer yi, yu wolof yi ak yu pulaar yi joxe ay tegtal yuy tax mu dund. Am ku wax ne : « Nañu root juroom-ñaari ndoxi teen yu bokkul, sang ko ci ñetti fan. » Baay Musaa tudde ko Cerno, benn xaritam. Diiru weer, coow li ne kurr ci dëkk bi. Mbokk yi di baagante di ko ndokkeelsi, ku nekk di ñaan.



Njole am mbégte mu rëy ànd ak yaakaar. Cerno nekk ku rafet, ba noppi xees pecc. Bu jooyee mu daw, bu feebaree mu boot di naxantoo wuti kër doktoor. Maam Satu jóge réewu taax ne dafay yóbbu Cerno Ndakaaru làqi ko fa. Njole jooy bay sërxët ndax di xalaat càccum gune yi. Baay Musaa léemu Cerno bindal ko téere muslaay ngir wàññi njàqare yaay Njole.

Bi ñuy génn, yaay Njole mar jë bi, xotti aw sagar ci ab sëram. Maam Satu takk ko ci loxo ndeyjooram ndax bañ mu gelu ko. Timis, oto bi yegg Ndakaaru, ñu wàcc jël daamar gu ndaw mu yóbbu leen Pikin. Naka ñu gaare kàrce Baay Laay, gune yi wër leen, ñépp di xool Cerno. Maam Satu jox leen banaana yi mu leen jëndaloon ci yoon wi.



Baay Laay, kàrce bu mag la, am xeet yu wuute te bari ay daara. Suba teel, Astu jël ay beekeem ànd ak Abdu magam jàngi. Kàrce bi xumb na lool waaye waxtu njàng doo gis benn xale. Ñi am laago sax, muy góor, muy jigeen, ñépp ay xëy jàngi. Daaray ñoom Astu, at mu nekk Sàmba mooy gàddu raaya wi, te sax du gis. Guney kër gi ñépp a xëy jàngi waaye Maam Satu nanguwul Cerno dem fenn. Bu ndékkee ne **meŋŋ** ba ngoon jot.

Bu ñibbisee dafay tilim, yére yi xotteeku, karaw gi ni cuq te du sangu mukk. Bu añ bi tegee mbaa reer bi, Cerno di yóotu ak di teggi ndawal gi. Waa kër gi yépp di xoolante te kenn du wax ndax ragal Maam Satu. Ñépp daldi ko far **bërgal**.



Cerno def na at ci kër gi, lu ko neex, neex maamam. Jàngaluñu ko yaruñu ko ba romb na ñeenti atam. Bés bu ne, muy **lëmbe** kër gi, di **noggatu** xale yi. Am kuy léebu wax ne : « Ku yar sa xar bu màggee, yaw lay jëkk a daan. »

Maam Paate xëy làpp ko, fanaanal ko néegam ba asamaan set, mu yóbbu ko daaray Baay Móodu. Jawriñ ji jox ko àlluwa, boole ko ak Soxna Aysa ngir mu dalal ko. Soxna Aysa ku mën alxuraan la, te rafet **xalima.**

Daara jaa ngi fees dell ak ay dongo yu góor ak yu jigeen, ku nekk di nafar. Ñi am laago am na ku leen di **saytu** waaye jàmbaar lañu lool ci njàng mi. Ngoon gu ne, Baay Móodu dajale ndongo yi, ñu setal daara ji, ñépp tari ba jeexal mu yewwi leen.




Cerno, ñaari fan la xëy, ñetteel ba mu ne tirr biir Pikin, ñaari fan fanaansiwul. Ñépp jaaxle, Maam Satu di **jalu** rekk ba yàgg mu ser ne dàll ci suuf. Dëkkandoo yi di ko **dëfal,** mu mujj réccu yar bu bon bi mu yar Cerno. Maam Paate am **mbetteel** lool ndax Cerno li muy léej-léej, masul fanaan àll. Waa kër gi wër ba sonn, mujj yéene ko ci rajo yi ak tele yi.

Suba teel, Yaay Njole dégg laajte bi ci xibaar yi, **salliiru** ba nit ñi fees kër gi. Ku laaj lu xew, Baay Musaa ne la Cerno moo réer ca Ndakaaru, ñépp di jooyoo. Mu ni leen : « Neeleen tekk, ku ne tekk, tekk won la aw yoon. » Mu dugg néegam def **listixaar**. Ab diir, mu génn ne : « Santleen, dina feeñ bu soobee Yàlla. » Wujji Njole yi di waxante ci bët, Baay Musaa ak Yaay Njole waaj, wuti réewu taax.



Kaar bi ñu dugg gaaw na lool waaye lu mu daw rekk, ñu xeeb ndax kumpa gi leen jàpp. Bi ñu duggee ci kër gi rekk, jooyoo yi tàmbaleeti. Kenn talul a nuyoonte waaye Baay Musaa mu ngi leen di waar. Maam Paate mënul siggi ndax gàcce, xamul lu muy wax. Maam Satu di waxtu mel ni ku jëfur mujj di jiiñ tuuma Baay Musaa ci kanamu gan ñi. Ñu jekki rekk, génn góor duggsi ànd ak Cerno. Ñépp jógandoo, ku ne sag xarkanam di belli mbégte.

Yaay Njole moom laxasu Cerno di kat-kati, di lox. Góor gi nettali anam yi mu ko fekk ba yóbbu ko këram. Mu wax ne : « xale yi leegi dañoo am ay yelleef te ñépp a war a sàmmoonte ak ñoom. » Baay Musaa sant góor gi, ne leen dafay yóbbu Cerno ndax Wolof Njaay nee na : « Fagaru moo gën faju. »



Timis, ñu gonte Ndakaaru, bi ñuy yegg Sàndeem, suuf sedd na guyy.

Baay Musaa wax yaay Njole ne ko : « Damaa bëgg nga bàyyi ma ak Cerno ma jàmmarloo ak moom. »

Yaay Njole ne ko : « Man masumaa juyoo ak sa ndigal. »

Baay Musaa ne ko : « Damaa bëgg mu jàng, deñ ci réer, tekki ni ñépp. »

Yaay Njole ne: « Ahãkey, waaye fàww nga sangat ko ndax ñàkkul mu ame cat. »

Bi Cerno ñëwee, Mu ne ko : « Cerno góor-góorlul, soo bëggee bayre, dangay fexe ba baay ree. »

Mu dolli ci ne : « Waaw Cerno, bi nga réeree, foo doon fanaan ak loo doon dunde ? »

Cerno ne ko : « Ci ron taabal yi laa doon fanaan di yalwaan di dunde. »

Baay Musaa dar gémmiñ gi, jàpp loxoom wuti daaray Baay Seex. Ñoo ngi fekk ndongo yi sàppe, ku ne uuf àlluwam di jàng. Baay Musaa ne ko dafay sàkku mu mokkal lu mu néew-néew xaaju suuf balaa mat at.



Baay Seex, sëriñ bu xarañ la ci tàggat xale. Dafa beru ak Cerno, di ko neexal, ba miinal ko boppam. Mu laaj ko lu yàgg daldi ko jébbal jawriñu daara ji. Maalig dalal ko bind bu bees, ne Ami na ko jàppale. Ndekete Cerno ku neex xel la, lu ñu ko xëy bindal bu yendoo mokkal ko. Jawriñam di ko bàyyi xel bu baax ci njalbeen gi. Cerno jékki-jékki daw ba am ñetti fan. Baay Seex xibaar ko Baay Musaa ; mu tàng lool, xale yi wër ko ba gis ko.

Naka muy ñëw, mu futti mbubb mi, fëgg ko ay ndombo ba muy salliiru. Bi mu dellusee, ñu tëj ko suba ba ngoon, sang ko ak saafara, jox ko kiis mu naan. Cerno gën a farlu ci njàng mi, dawatul, boole ci gaaw a mokkal.



Matul at sax, Cerno jeexal xaaju suuf bi, ba mujj nekk jawriñ ni Ami. Benn bés, Baay Seex natt dongo yépp ngir waajal ab joŋante. Mu tànn Cerno, Ami ak ñaari way-laago : Daam ak Koddu. Yaay Sooda, seen ndeyu daara, xottil leen yére yu rafet ngir sargal leen. Waxtu yoor-yoor, kaaŋ yi sàppe ngir teewlu njàng mi. Bi Daam ak Koddu di tari, baas baa ngi riir ndax jéll yi ak jooy yi. Ami itam duggsi ak ay feemam, ñépp seen xol tooy.

Waaye, bi Cerno yeggee ba jóoru ak baat bu neex bi te leer, ñépp a ne xerem. Baay Musaa yikkat fi mu toog ndax bég. Bi ñépp taree ba noppi, sëriñ si lëlu ab diir, ñu wax ne Cerno moo jël raaya wi. Koddu topp ci ak Faati, moom mi nekk ci jeneen daara. Ñépp di leen jox ay neexal.



Baay Seex mottali na yéene Baay Musaa ci Cerno ba mu sant ko lool. Mu **diisoo** ak moom ndax bëgg mu jàngi ekool, ndegam dugg na juroom-ñaari atam. Baay Seex bëggul dara ci ekool waaye Baay Musaa xamal ko ne jàmano ji moo ko laaj. Ci altine ji, Cerno dugg ekool, ànd ak farlu lool, xel mu neex ak **cawarte.** Natt yépp, mooy jiitu, ñépp di ko mbamb. Cerno mel ni ak njuuma, mujj jeexal njàngam suuf mi ci ñetteelu atam.

At mu jot, ñu jox ko ay neexal ci joŋante yi moom ak elew bu tudd Buso. Natti njeextal yépp, ba ci bag, jéggi na leen ànd ak **tagg.** Nguuru Senegaal yóbbu ko réewu Tugël mu **gëstu** ji xam-xamu paj. Yaay Njole di tuuru rab yi ak di def ay déebaadéeb ngir lu ko aar. Dafa mujj wéet lool, boole ca dëkk ci ay xalaat.



Cerno jël na abiyoŋ ba yegg Tugël te amul benn **gàllankoor**. Amagul sax at, mu sasoo dundu kër gi ak soxlaay njaboot gi yépp. Wujju yaayam mujj am **yaraange** ndax dañoo dëkkoon di **ñoññantal** yaayam. Cerno ñi muy jàngandool ñépp ba ci tubaab yi sax moo leen gën a **xereñ.** Réewu Tugël gépp mujj di yéem xam-xamam ci wàllu paj. Bi njàngam jeexee, nguuru Tugël sargal ko, jox ko liggeey bu kawe mu gàntu leen.

Bi mu jëkkee ñibbisi, jox na baayaam, Yaay Njole ak Baay Seex ku ne paasu Màkka. Yaay Njole fàttaliku waxi **rawaan** ba : « Benn doom lay doon, dina gudd fan, dina bàrkeel. »

Cerno wàcc Sàndeem ànd ak ñeenti Tubaab, may dëkk bi ab lopitaal, ab ekool ak ay ndimbal. Waa dëkk bi di fecc, di taasu, ñii di sant, di ñaan, ñii di ko ñee. Yaay Njole kontaan lool. Baay Musaa ne leen : « Jaboot ku ko ñee tay, mas nga koo yërëm. »

# Laaj yi

1 Bi Cerno juddoo, lan lañu xalaat a def ngir mu dund ?

2 Lan mooy wone ci nettali bi ne Cerno dafa léejoon ?

3 Lan mooy wone ci nettali bi ne Baay Musaa am na xam-xam ?

4 Lu ngeen taatane ci mbiru yar ginnaaw bi ngeen jàngee jaar-jaari Cerno yi ?

Ce livret gradué a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain
à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN